**दिन– शनिवार** **दिनांक–05.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रदेशक सुप्रसिद्ध उद्योगपति गोपाल खेमकाक हत्याक मामिला मे सम्मिलित अपराधी सभ के तत्काल चिन्हित कऽ हुनका पर कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि। श्री कुमार आइ पटना मे पुलिस महानिदेशक विनय कुमार सँ एहि मामिला मे पूरा जनतब लेलनि आ विधि व्यवस्थाक उच्चस्तरीय समीक्षा कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे विधि व्यवस्था बनौने रखबाक सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। अपराधी सभ के कोनो कीमत पर छोड़ल नहि जायत। श्री कुमार आपराधिक घटनाक जाँच मे तेजी लयबाक आ अपराधी सभ पर त्वरित कार्रवाई करबाक निर्देश सेहो देलनि।

---

एहि मध्य, गोपाल खेमका हत्याकांडक मामिला मे एसआईटीक गठन कयल गेल अछि। एहि मामिला मे पुलिस एक संदिग्ध के हिरासत मे लऽकऽ पूछताछ कऽ रहल अछि। मामिला के लऽकऽ पुलिस आइ पटनाक बेउर केन्द्रीय कारा मे छापामारी कयलक। छापामारी मे चौदह थानाक पुलिस, एसडीपीओ, एसपी, सम्मिलित छलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार पुलिस एक सय कैदी सँ पूछताछ सेहो कयलक अछि। पुलिस महानिदेशक जितेन्द्र राणा जनौलनि जे जल्दीए हत्याकांडक कारण के खुलासा कयल जायत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता लालू प्रसाद के आइ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष घोषित कयल गेल। राजदक राष्ट्रीय परिषदक बैसार मे हुनक निर्वाचनक घोषणा भेल। श्री प्रसाद लगातार तेरहम बेर पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनलाह। एम्हर, राष्ट्रीय परिषदक बैसार के संबोधित करैत पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे राज्य मे बढ़ि रहल अपराधिक घटना सरकार आ प्रशासनक विफलता के दर्शबैत अछि।

————————————————————————————————

मुहर्रम के लऽकऽ प्रदेश मे आइ सँ तीन दिनक अलर्ट जारी कयल गेल अछि। अपर पुलिस महानिदेशक पंकज दराद जनौलनि जे अठारह पुलिस जिला संवेदनशील चिन्हित कयल गेल अछि। एहि जिला सभ मे सुरक्षा व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि। ओ कहलनि जे पुलिस मुख्यालय मे आइ सँ तीन दिनक राज्यस्तरीय कंट्रोल एंड कमांड सेंटर के सक्रिय कऽ देल गेल अछि। श्री दराद जनौलनि जे प्रदेशभरि मे ताजिया जुलूस के लऽकऽ तेरह हजार सात सय उन्नैस लाइसेंस जारी कयल गेल अछि। एम्हर, दरभंगा मे मुहर्रमक अवसर पर शांति व्यवस्था बनौने रखबाक लेल चारि सय पंचानवें स्थल पर दंडाधिकारी संग पुलिस बलक प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि।

————————————————————————————————

तख्त श्री हरिमंदिर पटना साहिब पंजाबक पूर्व उप मुख्यमंत्री आ शिरोमणि अकाली दलक प्रमुख सुखबीर सिंह बादल के एक बेर पुनः तनखैया घोषित कयलक अछि। एहि संबंध मे निर्गत आदेश मे कहल गेल अछि जे सुखबीर सिंह बादल के दू बेर अपन स्पष्टीकरण देबाक लेल कहल गेल मुदा ओ नहि पहुंचलाह।

————————————————————————————————

प्रदेश मे अगिला सप्ताह बरखाक गतिविधि मे कमी आओत। मौसम विभागक अनुसार मानसूनक ट्रफ रेखा मध्य भारत दिस घसकि रहल अछि। एहि कारण बरखाक गतिविधि मे कमी आओत। एम्हर, मौसम विभाग आइ प्रदेशक दक्षिणी आ उत्तरी–पूर्वी क्षेत्र मे किछु स्थान पर आंशिक बरखा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि।

————————————————————————————————

सीतामढ़ी स्थित पुनौराधाम मे माता जानकी मंदिर तीर्थ क्षेत्रक निर्माणक लेल बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम आठ सय बारह करोड़ टाकाक खुलल वैश्विक निविदा जारी कयलक अछि। एहि निविदा मे देश–विदेशक प्रतिष्ठित निर्माण कंपनी सभ के भाग लेबाक लेल आमंत्रित कयल गेल अछि। विदित अछि जे अगस्त मे एहि जानकी मंदिर तीर्थ क्षेत्रक शिलान्यास हेबाक योजना अछि।

———————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक अहियापुर थाना क्षेत्रक एक निजी बैंक मे लूटपाटक घटना के अंजाम देबाक लेल पहुंचल दू अपराधी के पुलिस हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि। एसडीपीओ विनीता सिन्हा जनौलनि जे पुलिस करीब अढ़ाई किलोमीटर धरि पीछा कऽ अपराधी के गिरफ्तार कयलक। गिरफ्तार अपराधी सँ पूछताछ कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

सीवान जिलाक भगवानपुर हाट थाना क्षेत्रक मोराखास गाम मे एक पानि सँ भरल खाधि मे डूबला सँ तीन बच्चाक मृत्यु भऽ गेलनि। मृत बच्चा सभ आठ सँ दस बरखक छथि।

———————————————————————

एसटीएफक टीम दरभंगा जिलाक पच्चीस हजार टाकाक ईनामी अपराधी मोहम्मद इमरान खान के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

रेलवे मधुबनी जिलाक जयनगर सँ आसनसोलक मध्य सावन स्पेशल ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन एगारह जुलाई सँ आठ अगस्त धरि चलत।

———————————————————————

समाप्त भेल।